ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№139 (21.797) ● 2010 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 28, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэралъ къулыкъущIапIэхэм

Шынагъуэншагъэм пыщIа Iуэхухэм топсэлъыхь

КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм терроризмым пэщIэтыныгъэ и щIыналъэ комиссэм и зи чэзу зэлуIэ.

АБЫ ЩЫХ'ЭПЛЪАЩ республикэм иджыпсту щыIэ щытыкIэм, мыхьэнэ хэха зиIэ, псэуныгъэр къызэрэпэщыным пыщIа, бгъэлэжьэну шынагъуэ зыпыль, апхуэдэу цIыху куэдым я кIуапIэу щыт Iуэхущ IапIэхэр террористхэм ящыхьымэныкIэ зэфIагъэкIхэм.

ЗэIуцIэм щыжаIахэм япкъ иткIэ, зыхуэфащэ IэнатIэхэм зэфIагъэкIыпхъэ лэжьыгъэхэр яубзыхуащ.

КОНАКОВ Хьэсэн,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэм и лэжьакIуэ.

Къанокъуэ Арсен Медведев Дмитрий къригъэблэгъащ

Налшык щащIа члисэр къыщызэIуахкIэ хэтыну

● Москва

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий кьыхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэльыхьащ Бахьсэн ГЭС-р зэгъэпэщыжьным пыщIа Iуэхуэм. Дызэрыщыгъуазэщи, а Iуэхущ IапIэм иджыблагъэ кьытеуэри, МВД-м и лэжьакIуитI яукIащ, езы станцри якъутащ. Апхуэдэу хэпльащ Налшык къалэм дащIыхь Iьэпкъ театр центрыр нэгъэсыным, республикэм щыIэхалъхьа инвестицIэ проект щхьэхуэхэм ехьэлIа къэрал щэсыпIэхэр кьыхэгъэпэщыным.

Республикэм и унафэщIым къигъэльэгъуащ УФ-мрэ КъБР-мрэ я правительствэхэм, «РусГидро» ОАО-м зэщыгъуу къащта унафэм ипкъ иткIэ, хэкIуэдахэм сом 1 мелуанрэ мин 300-рэ, лей зытехьахэм сом мин 600 зэрыратынур. Республикэр энергиекIэ тэмэму кьыдэгъэпэщынымкIэ ГЭС-м мыхьэнэшхуэ зэрилъ хьыкIуэ, ауэ федеральнэ зэгъэпэщыжьныр 2012 гъэм фIэмыкIыу яухын хуейщ. Iуэхущ IапIэр зэгъэпэщыжьынымкIэ, егъэфIекIуэным кIэ планыр «РусГидро» ОАО-м зэхилъхьащ икIи зэман гъунэгъум къриубыдэу УФ-м ЭнергетикэмкIэ и министерствэм кьищтэнущ. Абы пыщIауэ Кьанокъуэ Арсен УФ-м и Президентым елъэIуащ ГЭС-р зэгъэпэщыжьным пыщIа лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэну сом мелард 1,5-р кьыслухахьнур игъэбелджылыну икIи а ахъшэр «РусГидро» ОАО-м и устав мылъкум хилъхьэну УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм хунгъэувыну.

Кьанокъуэ Арсен апхуэдэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и театрхэм зыхуеину Iэмалхэр кьыхуэзрагъэпэщын папщIэ «Урысейм и щэнхабзэр» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, 2002 гъэм щIадзауэ Iьэпкъ театр центр Налшык къалэм зэрыщахуэхэм. БлэкIа зэманым кьыдыбдзэу абы трагъэкIуэда сом мелуан 590-м щыщу сом мелуан 560-р федеральнэ бюджетым кьахунутIыщащ. Ауэ мы ухуэныгъэм псори зэхэту сом мелард 1,4-р текIуэдэнущи, республикэм и бюджетым ахъшэр кьыдэремэщIэкIым кьыхэкIыу, мы ухуэныгъэр ягъуэва пIалъэ - 2011 гъэм - ирихьэлIэу яхунэгъэсынукъым. КъБР-м и Президентыр кьэралым и Iэтащхьэм елъэIуащ театр центрыр нагъэсын папщIэ зыхуеину ахъшэр кьыхуэутIыпщыным теухуа зэхъуэкIыныгъэхэр федеральнэ программэ хэхам халъхьэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм хэпльэну.

ЗэIущIэм апхуэдэу кьыщIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныкIэ зэфIэгъэхIыпхьэхэри. Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхуIащ мы IэнатIэм ехьэлIэнигъэ пыухыкIаХэр зэрыщыIэр, ауэ федеральнэ центрым и дэIепкъунгъэ хэмылъу КъБР-м и мэкъумэш хозяйствэм щIэгъэхуэбжьауэ зэрызимыужьыфынур.

Агропромышленнэ комплексым зегъэужьыныр» федеральнэ гъэпсыкIэ проект пэрытр кьэралым щагъэзащIэу зэрыхуэжьэрэ КъБР-м мэкъумэш продукцэу кьыщIалэжьыр процент 32-кIэ, былымхэм я бжыгъэр процент 40-кIэ нэхъыбэ щыхъуащ. Республикэм лажьэу щаутIыпщащ кхъуэт, джэдыкIэ, джэдхьазым ял кхъэпсэжь предприятэ гъэщхэр, иджырей жыг хадэхэмрэ жызым хадэхэмрэ щыхасащ, иджырей технологиехэр кьагъэсебэнурэ, хадэхэкIхэр щагъэкI теплицэ комплекс ящхуащ. Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныкIэ кьэралым программэр дяпэкIэ гъэзэжьынымкIэ хуэтIэзуэ республикэм щыIэхалъхьащ псори зэхэту сом мелард 72-м щIигъу зытекIуэдэну инвестицIэ программи 118-рэ. Абыхэм Iэмал кьатынущ лэжьапIэ IэнатIэ мин 26-м щIигъу кьыхэзыухьанымкIэ икIи а программэхэр гъэзэщIа хьуа нэужь, бюджетым и IэнатIэ псоми налог ахъшэу сом мелларди 4-рэ мелуан 74-рэ кьыIэрыхьнущ. Кьанокъуэ Арсен кьигъэльэгъуащ былым 4800-рэ щаIыгъын, сом мелларди 4,8-рэ зытекIуэдэну гъэш комплекс Прохладнэ районым, сом мелларди 2 зытрагъэкIуэдэну консерв завод Май районым, сом мелларди 2,8-рэ зи уасэ пхъэщхьэмыщхьэ хьуманIэ Бахьсэн районым зэман гъунэгъуэм кьэрибыдзэу зэрыщащынур икIи кэралым и унафэщIым елъэIуащ а проектхэр гъэзэщIным хуэунэтIауэ кьыIах кредитхэмкIэ кьэрал шэсыпIэхэр гъэзыным, щIыхьэу къащта ахъшэм проценткIэ щхьэщатыкIым щыщ Iыхьэр яхуэпшынысыным и лъэныкъуэкIэ зэфIэбгъэкI хьунуэхэм хэпльэну.

Кьанокъуэ Арсен кьиIэта Iуэху псори кэралым и унафэщIым кьыдиIыгъащ. Абыхэм ятеуха пщэрылъхэр Медведев Дмитрий яхуигъэуващ зыхуэфащэ федеральнэ министрхэм.

УФ-м и Президентым щепсалъэм КъБР-м и Унафэщым щапхъэу кьихьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм щыхьэт техуэу Iуэху щхьэхуэхэр. Абы кьыхигъэщхьэхукIащ иужьрей илъэси 4-м кьриубыдэу валовэ щыIналъ продуктыр хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар икIи 2009 гъэм ар сом мелард 64-м зэрыщхьэдэхар. А зэманым кьриубыдэу бюджетым хуэди 2,6-кIэ хэхъуащ икIи абы и фIыщIэкIэ республикэр дотацэхэм зэрелъытар процент 65-м щегъэжьауэ процент 54,4-м нэсу иратъэхьи яхуэзфIэкIащ. Нэгьабэ пльандэрэ республикэр кьыхагъэкIыжащ УФ-м и субъектхэм ящыщу егъэлеяуэ ахъшэшхуэкIэ зыдэIэпыкъуэхэм.

Республикэм и властхэр щIэгъэхуэбжьауэ иолэжь гугъуэхь нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыр - лэжьапIэншагъэр - кьыхэнэжьыкIэм. ИнвестицIэ проектхэм ящыщ куэд зэрагъэзэщIам, хьэрычэт Iуэху мыинымрэ хьэрычэт Iуэху курытымрэ, зэрыщытру хьэрычэт Iуэхум зэрызыщIагъэхуам, езы цIыхухэм лэжьапIэкIэ зыкъызэрагъэпэщажьынымкIэ зэрадзIэпхькуам я фIыщIэкIэ 2005 гъэм и кIухьым ирихьэлIэу лэжьапIэншэу щыIэ цIыху мин 37,7-м щыщу 2009 гъэм IэнатIэ ямыIэу къэнэжар цIыху мин 19-щ. Демографием и лъэныкъуэкIи узыщыгуфыкIыныхэр щыIэщ. КъалъхуухэрэмкIэ бжыгъэм ильясипIым кьриубыдэу процент 55-кIэ хэхъуащ, пIэхэри процентI 7-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Мыбдеж хэхауэ щыжьыIэпхъэщ сабий цIынэхэм ящыщу лIэжьхэр иджы куэдкIэ зэрынэхъ мащIэр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ фэеплъ сурэт зытрагъэхащ.

ЩIалэгъуалэм я зэхьхьэр къызэIуах

● Дин

Налшык дэт «Кхъужьей хада» санаторэм дыгъуасэ кьыщызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ставрополь краймрэ я муслымэн, чристэн щIалэгъуалэм я зэхьхьэр.

АБЫ ИРИХЬЭЛIАЩ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Жамборэ Владимир**, Кавказ Ищхьэрэм ис муслымэнхэм я зэзыгъэуIу центрым и унафэщI, КъШР-м и муфтий **Бердиев Исмэхьил-хьэжы**, абы и япэ кьуэдэ, КъБР-м ис муслымэнхэм я дин Iуэхущ IапIэм и унафэщI **Пщыхьэщ Iэнас-хьэжы**, Ставрополь краймрэ Владикавказрэ я епархием и унафэщI **Феофан** сымэ.

- Си гуапэу ди хьэщIэхэр фыкьызогъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм. Мыпхуэдэ зэхьхьэр ди щIыналъэм зэрыщекIуэкIыр икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ муслымэн, чристэн щIалэгъуалэм я зэхьхьэ кьызэзыгъэпэщахэм, - жиIащ Кьанокъуэ Арсен. - Кавказ Ищхьэрэм, къапщэтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иджырей зэманым щекIуэкI къэхъукъащIэхэм апэщIэувэ Iуэхугъуэ дахэ махуипщIым и кIуэцIкIэ Налшык щекIуэкIынущ. Псоми ди зэхуэдэ щIыналъэм дыщыщысэукIэ, ар efIэкIуэным, нэхъ дахэ зэрыхъуным дэтхэнэри дыхущIэкъун, ди лъэпкъ хабзэ дахэхэр тхъумэн хуейщ. Нобэрей зэхьхьэр абы тедакъэзэн ящыщщ. ЩIэх-щIэхыурэ дыдэхуэзэмэ, ди зэныбжьэгъугъэр нэхъ бадэ зыхунущ. ЕхъулIэныгъэ фIыIэну псоми сынывохьуэхьу.

АдэкIэ псалъэ ираташ Пщыхьэщ Iэнас-хьэжы. «Сэлам гуапэ фызох ди гуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIаХэм: «ПщIэ зэхуэщIыныр екъулIэныгъэм и лъабжьэщ» къыхуеджэныгъэм щIэту екIуэкIыну зэхьхьэм и кьалэн нэхъыщхьэщ. Сыт хуэдэ диным дежкIи лъапIэу щIэблэр зыщIэтпIыкIыр лей зэрахъэ, дыгъуэ, цIыху яукI зэрымихъэнурц. Фэ фи зэфIэкIымрэ зэхэщIыкIымрэ елъытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхьэрэм, Урысей псом зыужьныныгъэу ягъуэтынур. Зэхьхьэр зэрекIуэкIыну махуипщIым къриубыдэу дэтхэнэми ныбжьэгъущIэ къэвгъуэтыну си гуапэщ.

Къызэхуэсахэм я нэгу зрагъэжьащ «Амикс» къэфакIуэ, уэрджыIакIуэ гупым, Бэч Аэмэт, Третьяк Татьянэ сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

КъБР-м и Президентым, сабийхэр зрегъэцIыху. *Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *тIрихащ.*

● Аруан куей

Псы къиуныр кIащхъэ хъуркъым

Шэрэдж псыр къызэриуам икIи Дохъушыкъуей, Псыкуэд, Псынабэ къуажэхэм абы зэранырэ щхьэхуэхэр къахуихьынкIэ зэрыхъунум и гугъу тщIауэ щытащ нэхъапэми.

ИУЖЬРЕЙ тхьэмахуитI зэхуакум мы щIыпIэм щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм щхьэкIэ къэмынэу, псыр аргуэру кьыдэкIуейри, Шэрэдж Ищхьэрэ кьуажэм и псыдэм щызыхъумэ мывэ духэмрэ бетон гъэбыдапIэхэмрэ IуиилъэсыкIащ. Псыр и пIэм имызэгъэжмэ, мы жылагъуэмрэ Нарткъалэрэ зэпызыщIэ гъуэгум сэкъатышхуэ игъуэтынкIэ шынагъуэ щIэIэщ. Ар кьиныгъэри, Аруан куей администрацэм и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Антемыркъан унафэ ищIащ зэгъэтIылъэкIыпIэ зимыIэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм яужь ихьэн хуейуэ. А лэжьыгъэм пэрытщ «Фортуна» ООО-м и IэщIагъэлIу 23-рэ зыхэт ухуакIуэ бригадэр. Псым IуилъэсыкIа щIыпIэхэм деж мы Iуэхущ IапIэм и трактор хьэлъэхэр, бульдозерхэр, зыхуеину нэгъуэщI макшинэхэр ирашэлIащ. Лэжьыгъэхэр жэщми махуэми зэпыуркъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ЛэжьыгъэфI кърахьэлIэ

Джэрмэнщык къуажэм щызэхэт «Агро-Стимул» мэкъумэш кооперативыр Аруан районым щыпхъэхьинхэм ящыщщ. Мыбы кьегъэщIылIа щIы гектар 500-м мы илъэсым гъавэ бэв кьыпрахыну мэгугъэ. Мы махуэхэм бжьыхьэсэ гуэдзыр Iуахыжри, техникэрэ гъэсыныпхъэкIэ нэсу кьызэрызэгъэпэщам и фIыгъэкIэ, хэгъуэр и чэзум зэрызэфIагъэкIынум щэч хэльхьым.

IУЭХУЩIАПIЭМ и унафэщI Джынаэ Арсен кьызэрыджиIамкIэ, кьызэрах техникэмрэ пхъэIэщэмрэщ иджыпсту хьэсэм хагъэхьар. Хозяйствэм комбайн иIэкъым, ауэ Iэмалныщэу абы хуей хьумэ, бэджэнду кьищтэнущ. Джынаэм и кьалэныр кооперативым унафэ хуищIыным и деж щиухырхьым, атIэ илъэс куэд льандэрэ игъэлажьэу щIы гектар 60 иныращ. Гъавэм кьыдэкIуэу, абы хадэхэкI зэмылIэужьыгъуэхэри щыхисауэ, а хьэсэхэми йогугъу.

«Агро-Стимул» кооперативым и Iэщ IагъэлIэхэм илъэс псом зэлэжьын ягъуэт икIи мазэ кьэс улахуэ хьарзынэ ират. Абы и лэжьакIуэхэр Аруан, Лэскэн куейхэм кьреш. УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, мы зэманым бэджэндырылажьэхэм кьатемыхьэлъэу кьанэркьым гъавэм и уасэр гъэсыныпхъэм щIатым нэхърэ фIыуэ зэрынэхъ мащIэмрэ щэхуакIуэхэр кьызэрыгъуэгъэнрэ. Ауэ «Агро-Стимул»-м а лъэныкъуэхэмкIи и Iуэху Iейкъым, илъэс куэд хьуауэ зэгурыIуэныгъэ ярищIылIауэ IэнатIэ зыбжанэм зэрадэлажьэм и фIыгъэкIэ. Гуэдзыр зэрызэщакъуэжу, кооперативым и механизаторхэр нартыхумрэ сэхуранымрэ хьихьэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Шэджэм куей

Жылагъуэхэр ягъэкъабзэ

Экологие щытыкIэр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ, Шэджэм районым и администрацэм нубзыхуащ куейм я жылагъуэхэр гъэкъэбзэным, зэIуэзэпэщ щIыным, щхьэхантIагъэхэр гъэтIысыным теухуа мазитI лэжьыгъэм хьихьэу зэфIэгъэкIыпхъэхэр.

АБЫ ИПКЪ иткIэ, Iуэхущ IапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ я кьыщагъэсэбэпа псэуальэпхъэхэм я кIэрыхуэ бжьэрыхуэгъ гектар 97-м щызэщIакуэщ, псыхьуэрэ кIэнауэу километр 63-рэ, гъуэгубгъу мэз кусэу километр 45-рэ ягъэкъэбзащ. Гектар 59-м пхъэнкIий идзыпIэ Iэрыщу 67-рэ щагъэсеижащ, жыгыщIэу 1500-рэ, чыцэу 500 хасащ, нэхъыжьхэм ядэIэпыкъун щхьэкIэ щэбэт щIыхьэхуитI ирагъэкIуэкIащ.

Псыхьуэхэр, щIыпIэхэр зэрагъэкъабзэ, пхъэнкIийр зэрыдащ, къуажэ кIуэцIгъуэгухэр зэрызэрагъэпэщыж техникэ хэхахэр кьыдэхьным щIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэм гулыитэшхуэ хуащI. Иужьрей зэманым Нартан кьуажэм кьуэщIыбыр зэрыIуащ автомашинэ, бульдозер, самосвал, экскаватор кьищэхуащ, и уэрамхэм пхъэнкIий зэхуэхьэсыпIэу 800 щагъэуващ. Шэджэм кьалэм, Нартан, Шэджэм Езанэ, Щхьэлыкьуэ, Яныкьуей, Звездно жылагъуэхэм пхъэнкIийр зэуIуу щыдаш.

Куейм кьабзагъэр кьызэрыщызэрагъэпэщ щыкIэм район администрацэм и унафэщIхэр кIэлъопль.

АХЪИЙ Iэсият.

ГъуэгущIэхэр яухуэ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий арэзы техуащ Федеральнэ гъуэгу фонд къызэгъэпэщыным и Iуэхум.

Мы IэнатIэм хуабжьу зрагъэужьыну я мурадщ. ФинансхэмкIэ министр Кудрин Алексей зэрыжиIамкIэ, гъуэгущIэхэр ухуэным, жьыхэр зэгъэпэщыжьным хуэунэтIа лэжьыгъэм хуэзащIагъэуIуэнущ бюджет ахъши, абы щыщымыщи.

Куэд щIауэ зыпэплъэ уэшх

УФ-м и Гидрометцентрым москвадэсхэмрэ абы и хьэщIхэмрэ кьегъэгугъэ мазущ дэкIмэ щIыпIэм уэшх кьыщеIыну, хуабэр градуси 6 - 10 хуэдизкIэ щехуэхыну.

Арщхьэкlэ апхуэдэу куэдрэ щытынукъым: кьэкIуэну тхьэмахуэ зэхуакум и пэщIэдзэм хуабэр тепщэ хьужынущ.

Москва дыгъуасэ хуабэр градус 34-м щыщхьэпрыкIащ. Ар нэхъ льагэщ кьалащхьэм дунейр нэхъ пщтыр кьыщыхьуауэ щыта 1936 гъэм нэхьрэ.

Абы и мызакъуэу, москвадэсхэр гугъу ирегъэхь кьалэм и гъэнэгъу горф щIыпIэхэм кьыхиху Iугъуэм. МафIэр яхуэгъэункIыфIыркъым.

Пэжщ, Урысейм и санитар дохутыр нэхьыщхьэ Онищенкэ Геннадий жиIащ а гъуэзым щыщынэн хуэмейуэ: ар цIыхум и узынщагъэм зэран зэрыхуэхъур мащIэ дыдэущ...

Гуп-гуп зэрыгъэхъури...

Прокуратурэм эхехгъкI ТIуапсэ и гъунэгъу «Дон» лагерым кьыщыхьуа кьаугъэр.

Абы зыщызыгъэпсэху шэшэн щIалэ цIыкIуищ Ростов областым щыщ хьыджэбз цIыкIум щыхьащ. Лагерым и унафэщIым и къуэдзэм ахэр кьыхэзригъэувыIэну хэтащ, арщхьэкIэ абы зыри едэIуакъым. Уеблэмэ, щIалэ цIыкIхэм я гъуса балигъхэм я цIыхухъур яубрэжьащ. Абдеж зэуэ щыхэхуэсащ цIыху зыкъом. Зэхуэахэщ. Лагерым и унафэщIым и къуэдзэр, щIыпIэм щыпсэу зы цIыху, ЩIэшэным щыщ зы щIалэ цIыкIу сымаджэщым щIагъэгъуэлъхьащ.

НОБЭ

♦Перу Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэщ - къэралыр щхьэхуэ щыхьуа махуэщ (1821).

♦Мы махуэм (1944) Ящэ Беларус фронтым и дзэхэм хуит къащIыжащ Брест къалэр. СССР-м и Совет Нэхьыщхьэм и Президиумым 1965 гъэм накъыгъэм и 8-м кьыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ «БыдапIэ-ЛIыхъужь» щIэр фIащащ.

♦Илъэс 225-рэ и пэкIэ (1785) Мадрас кIуащ урыс актер, еджагъэшхуэ-индолог Лебедев Г. С. Абы Индием и къалэ цIыкIуэм я гъуса балигъхэм а цIыхухъур яубрэжьащ. Абдеж зэуэ щыхэхуэсащ цIыху зыкъом. Зэхуэахэщ. Лагерым и унафэщIым и къуэдзэр, щIыпIэм щыпсэу зы цIыху, ЩIэшэным щыщ зы щIалэ цIыкIу сымаджэщым щIагъэгъуэлъхьащ.

хилъхьащ. Абы и щIэр зэрехьэ а къалэм и уэрамхэм ящыщ зым.

♦Илъэси 5 и пэкIэ (2005) Ирланд революцэ армэм жиIащ IэщIкIэ зэщIэуэзэдауэ илъэс 30-м щIигъукIэ иригъэкIуэкIа бэнэныгъэр зэи щIимыдзэжыну зэригъэувыIэр.

♦Илъэс 90 и пэкIэ (1920) кьалъхуащ «Нормандия-Неман» совет-франдзкъ эскадроным и кьухьлъатэзехуэ **Пуан Ролан.** 1944 гъэм абы Совет Союзым и ЛIыхъужь щIэр фIащауэ щытащ.

♦Илъэс 50 и пэкIэ лIащ инджылыз тхакIуэщхуэ, «Овод» роман цIэрыIуэр зи Iэдакъэщ IэкI **Войнич Этель** (1864 - 1960).

Планэмэр зыхьхьэзыгъар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Прохладнэ куей

Зэнтхъымрэ хьэмрэ Iуахыж

Прохладнэ муниципальнэ районым и мэкъумэш хозяйствэхэм мы гъэм гектар 37075-м щагъэкIа бжьыхьэсэ гуэдзыр, гъатхэсэ хьэмрэ зэнтхъымрэ еужьрэкIыу Iуахыж.

КУЕЙМ мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и Iуэхущ IапIэм кьызэрытамкIэ, бадзэуэгъуэм и 20-м ирихьэлIэу лэжьыгъэ гектар 21316-м е хьэсэхэм я процент 57,5-м щызэфIагъэкIащ. Дэтхэнэ зы гектарми ику иту центнер 26,7-рэ кьыщIа IуэкI, нобэ ирихьэлIэу гъавэщIэу тонн 57000-рэ гъущапIэхэм щIагъэзгъащ.

Ящэ хэгъуэм кьыхожанькI «Рассвет» ЗАО-р, «Степной», «Прохладный» ООО-р, Хьэщэпэщэр кьехьэлIэжьыным кьыдэкIуэу, сэхуранымрэ нартыхумрэ хьэпIащIэхэм, узыфэхэм ящызыхъумэ щхьухьэмкIэ йогъэнэ.

ЛУПЫРЁВЭ Ириня.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Жыжьэу бгъэтIылъыр благъэу къыбощтэж.

Къанокъуэ Арсен Медведев Дмитрий къригъэблэгъ-ащ Налшык щащIа члисэр къыщызэIуахкIэ хэтыну

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къанокъуэ Арсен кыхигъэщхьэхукIащ кризисым нэхъ ткIийуэ зыщиубгъуа 2009 гъэми республикIэм и социально-экономикэ къыдэпхьаныгъэр къызэтемуIыну зэрекIуэкIар. 2008 гъэм елъытауэ 2009 гъэм кьалэжьа валовэ щIыналъэ продуктыр проценти 2-м нэблагъэкIэ нэхъыбэщ. Хьэпшыпу щащ, ипромышленнэ Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIащ сом мелард 23,5-рэ и уасэ, нэгъуэщIу жьпIэмэ, 2008 гъэм щыIа бжыгъэхэм ЗкIа-гъэхуахькым. Нэгъабэ республикэм лажьэу щаутIыпщащ иджырей технологиемкIэ кьызэгъэпэща Iэнатlэ зыбжанэ. Абыхэм яхэтщ щэкI щызэIуащэ, абдж щащI, фэм щелэжь, унэльащIэ кьыщыщIагъэкI предприятэхэр. Иджыпсту аргуэру апхуэдэ Iуэхущапlэ зыбжанэ щIын яух.

Кризисым и пэщхьэнэм мыхьэнэ хэха иIэщ экономикэм мыльку кьыщыщIагъэкI и Iэнатlэхэм защIэгъэкъуэным, кьэралымрэ щIыху щхьэхуэхэмрэ я ахъшIэ зэхэлъкIэ ягъэзащIэ инвестицэ проектхэр гъэкIуэтэным. Мыхьэнэщхуэ зиIэ проектхэм ятекIуэдэну ахъшIэр яхуеутIыпщ КьБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьныныгъэмкIэ и агентствэм.

Хьэрычэт Iуэху мыинымрэ щхьэзакъуэ зэхуэмытыщIэхэмрэ ядэIэпыкъуным 2009 гъэми зэрыпащам и фIыщIэкIэ, жиIащ Къанокъуэ Арсен, абыхэм я бжыгъэми, республикэм и экономикэм хащIыхьми, бюджетым ахъшIэу халъхьэми нэрылъагъуэ хэхъуащ. КьБР-м кьыщызэрагъэпэща ШэсыпIэ фондым и кьалэн нэхъыщIхьэщ зыужьчэт Iэнатlэм и субъектхэм банкхэм кредитхэр кьыщыдахуэ зэрыкIуэр. Ипромышленнэ зыужьныныгъэр щIэпсэкIэ кредит ахъшIэу сом мелард 1,5-рэ кьызэщIагъэуIауэ.

Энергетикэм зегъэужьныным и лъэныкъуэкIэ унэтIныгъэ Iахьэ кьыщыщIэ. Iуэхутхьэбзэу зэфIагъэкIащ сом мелард 23,5-рэ и уасэ, нэгъуэщIу жьпIэмэ, 2008 гъэм щыIа бжыгъэхэм ЗкIа-гъэхуахькым. Нэгъабэ республикэм лажьэу щаутIыпщащ иджырей технологиемкIэ кьызэгъэпэща

Къысхуигъэгъукъым сэ гъащIэм зы хъати



Кхъэ**IуфэХьэчим.** *2010 гъэ*

***Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа тхакIуэ, журналист, литературэр критик, КъБР-м и ТхакIуэхэмэкIоным и унафэщI Къэуфу Хьэчим, тхэным гу хуэзыщI дзэтхэнэми нэхъ зэрихабзэщи, усэ тхыпкIэщI къыззрыщIидзар. 1969 гъэм Налшык къыщыдэкIауэ щытащ Хьэчим и усэхэр зэрыт «ЩIакIуэ кIапэ» тхылъыр. Нужькlэ, нэгъуэщI жанрхэм нэхъ дахьэх хъури, усэхэр тIэкIу ЕщIыб ищIат, ауэ ахэр тхын щигъэтакъым.*

Нобэ тедзэ усэхэр къыхэтхащ КъхъуэIуфэр нужькlей илъэсхэм зэлэжьахэм е ятIэм къыдэкIауэ зыхэпльэжахэм.

КХЪУЭIУФЭ Хьэчим и усэхэр

Нарт хъыбархэр

Нэсрэн ЖьакIэ и гъэ макъыр Iуащхьэмахуэ къыхэтоIуI.
«Нарт» хъыбархэм щыщщ.

ЖысIэну си Iупэм кьэсат ар -
Кьыхэпстри «Нартхэм» зы льэужь:
Къэхьунур зыщIэуэ Кассандрэр
И шыпхъу пIэрэт Уэрсэрыжь?

Пасэрей грекхэм я нэщIэбжьэр
Щхьэ зрэн натIэ тхуэхьугъат?
Алыджхэ - хэт ар? - я унэжьыр
Щхьэ мы нарт хэкум щаухуат?

А кьуажэхь кьомым хэт хуэныкъуэ?
Хэт хуэщIыжыну ар зэтес?
И куэпкъ пцIанитIыр Сосрыкъуэ
И льэдакьэпэщ Ахиллес.

И къару льэщыр кIуэщIыж хабзэ т,
ЩIым кьытрачмэ, Антей...
Ди Ашэмэзым фIыр и шабзэт -
Бжьамийр игъаджэм - бэвт дунейр.

Хуэхъунущ тхыдэм ар и адэ:
ФIыпIаегъуныгъэр уи япэ итым,
И кIапсэм хуэдэу Ариаднэ,
Укьришынущ Лабиринтым.

Тхыдэжьыр дгъафIэ у ди хьэщ, ауэ
СфIэпшагъэщ икьукIэ ди пщэдейр.
Кьыр дзакIэм плIэIукIэ еIуIлаэ
КIэрылъщ иджыри Прометейр.

МэкIуэд адыгэм и бэр хейуэ.
Хэхэс щыхъуакIэ - ер и щIыIущ.
Кьырым кьинащи Прометейуэ,
И гущхьэр бгъэм еуIу, е уIу...

Нэсрэн ЖьакIэу триIуэну
Абы адыгэм фIэтэрэзщ.
Ар кIуэуэ псэууэ кьишэжьыну
Дэнэ кьитхыну Батэрэз?

Си гум и пшынэщ а хъыбарыр -
Теурэтым нуру кьыхощыж:
И льэпкъыр Мусэ бегъымбарым
Мысыр гъэрыпIэм кьрешыж.

«Тенджызым тедзэ а уи башыр!» -
Тхъэр кьыхуоупсэри кьоджых...
Псыр зэпокIуэтри, нэхъ кIашэр
Я кум дэкIыхукIэ мэужьых...

Дэри ди дежи ар кьэсатэм, -
Тхъэм и дж макъыр... и башыжь...
Дапщэщ ар? КьащIэт уэ, Кассандрэ,
Е усэрэжу Уэрсэрыжь...

2006 гъэ

Брут

И ты, Брут?!.
Шекспир «Юлий Цезарь»
ФIы щIэн, псым хэдзэ.
Адыгэ псальэжьщ

I

Куэд щIауэ хуэдэ къэмыхъуауэ,
Кьэскlат а махуэм, хыщIэт Рим, -
ЛIыкIхэр сэкIэ кьепыджауэ,
Сенатым Цезарь щыукIуриим.
Кьеуахэм Цезарь яхэпльауэ,
И гущхьэр зым нэхъ фIнубрут
Кьуэ ищIа щIалэр... «Мыр дауэ?
Уэри мыбых эм ахэт, Брут?!»

II

А Брут, е Цезарь я тхыдэшхуэм
ХищIыкI сыт щыIэт си адэшхуэм?
ХуащIар зымыщIым зикI хъымпIар
Фэ иримыплъу ар есати,
ЖиIэжырт куэдрэ зы хьыбар.

III

ЛIыфI гуэр зыгуэркIэ кьыщIэхуати,
Щылт зэщIапхауэ,
Кьуажэр зэхуэсати,
Пщы бзаджэр псоми яхогуауэ:
«Мы лIыр, пщIэ щIаткIэ, иукIыну
Зыгуэр фэ жылэм кьыфхэкIыну?»
ЦIыхуфIу кьуажэм лIыр дэсауэ
ЯщIэкти - хэт кьихьынт гуэныхь?
«Хэт?» - матхьэ ябгар, кьэгубжьауэ.
Аршхьэкlэ - зыми, зыми «быхь»...
Апхуэдэу щытхэу, щIалэ пIащэ:
«Сэ сывгъэуKI ар», - кьэкIуэтащ.
Ар щыIэхихым, зи суд ящIэр
«Хьы!...» - жери, дыджу дыхьэшхащ...
Абы пщыр нэхъри кьегъэгубжь:
«УщIэдыхьэшхыр кьызжумыIэм,
Пхуэсщынщ уи лIэкIэр нэхъри ткIыбжь,
Уезгъэукlынкъым, хьэзабищэр
Уэ птелъу, пхауэ у згъэпIэнщ...»
Жьунщ-тIэ, мыр псальэу ныбжесIэнщ:
Iэщ уэд упIам, уи Iупэр дагъэ,
И пIальэр кьэсмэ, кьыпхуищынщ,
ЦIыху уэдыр, - ар жьыжьэ, благъэ -
Зэгуэр уи Iупэм кьеуэжьынщ...»
Абы и жьIэм пщыр хегъапльэ:
Зеиншэ гуэру мис а щIалэр
IпIат мо лIым, зы хуэмыныкъуэу,
Ещхь жьыпIэу Цезарь и мылъукъуэм.
Пщым кIэщIу ещIыр и унафэр:
«Пэшэгъу фымыщI фIым игъэудафэр.
Мо щIалэр дэфху мы жылэм нобэ,
Сэраши, мис, зэхэфхыу, тобэ
Си судым щхьэкIэ кьызохьыж.
Мыр фтIати, хуиту футIыпщIыж...»

IV

А Брутхэр зэнкI хэкIкъым тхыдэм.
Дунейр хагъэкIкъым хьэргъэшыргъэ.
ФIэлIыкIкъым тхьэхэми я шхыдэм.
Иджыкьэ ену щыетар?!
Ди кьэралыкь мыгъэр зыкъутар
А Брутхэр мыхьумэ, хэт фи гугъэ?
ЗыпIар, лъэкI яIэр кьезытар
Яращэжакъэ пцIыIупцIышэм -
Хьэрэм яхухьуи хэку быдзышэр!

V

Дэри зы пщыжь диIамэ, хьунти,
А Брутхэм я кIэр кIэщI ищIыну.
Аршхьэкlэ щIэхьыу ар бгъуэтынти!
Ерум дэ тщIэркъэ гъуэгу езытхэр.
Кьаубыду Брут пхуагъэтIысын,
Хьэмэ я кьуажэм пхудахун -
Апхуэдэ Брутхэмэ езыхэр?

VI

Уи япэ мывэ бгъажэм ухуозэж -
Арт и философиер ди дадэм, -
Здынэсым уи хьэсэпэр ухуокIуэж,
Бгым удэкIыфами я нэхъ задэм.

VII

Нэхъыфl хэмыт злэжьауэ хъуам:
А псоми зэуэ сахэджэмэ,
Зы зэман гуэр фIы зыхуэсщIам,
Сэ сымыщIэжу, ар ищIэжмэ!

2008 гъэ



Сэлэтхэм я кхъащхьэ

Пычыгъуэ

Пшэхэр зо уэр Iэрамэ у.
Щылъщ сэлэтхэр, мыхьей.
Щы хьурейр я казармэу
ХэмыщтыкIыу, мэжейр.
Зэпычащи гъэзгуанэр,
Щыджэлам деж щожей.
Я пIэщхьагъыу щы пцIанэр,
Я джэбыну я цейр.
Абы я кхъэр ин дыдэщ,
ЗэрытIари бел инщ.
И зы гъунэр Индылъ,
И зы гъунэр Берлинщ.
Зэрыщыту Европэр
А зы кхъэм нуфэбгъуащ.
Уафэр лъалъэу нэпс топу,
Гъатхэ тIощIкIэ тезыльащ.
Ауэ щIалэр сэлэтхэр.
Я гъэзгу тIэкIур я ныбжьщ.
Фынщ я нэгум щIэлъэтхэр,
Гугъэр, гугъэр я ныпщ.
Я сэфэтым уеплIыпIэм,
Лъэпкъыу диIэм ещхь хэтщ, -
Сыт хуэдами я плIыфэр
Я нэкугъуэм, я щхьэц.
Нэчыхь зытх ефэнды уэ
Шэм Iэпэгъу зэхуищIащ.
Жор щIыфIащыр «къуэшыкхъэ»
Ещхьщ мыбы кьагъэкIуам.
Арщ щыIфIащыр «къуэшыкхъэ»
Кхъэ лэгъунэ хэхам.
Сыт я тхьилъхэм ярытми,
Псэр зэгъусэу ятащ...
Ахэр жейрэ-тIэ, сытми -
TIэкIу щхьэукъуэу аращ.

1966 гъэ

Сурэтхэр **Побережный Юрэ** *ищIащ.*



Архитектурэм темыухуами

Сэ сыт хэсщIыкIрэт-тIэ архитектурэм:
«Мо унэр дахэщ», е «модрейр фейдейщ».
СищIати хьэщIэ нащхьуэуэ пэщIурэм,
Ар псальэжеш тхуэхьауэ аркъуедейт.
Сыт псалъи гунэфыгъэр щащIэ ещI.
Езыри ухуэныгъэр гъащIэм ещхьщ.

Ебгъапщэ хьунт ар кьалэ фэтэр кьомхэм?
Щыджылу уи нэр пэшэр къищIыкIат.
ЩIэнгъуаэзэуэ тхылъышхуэхэм я томхэр
Тхылъ дапхьэхэм эздекIуу тегуэшат.
Кьызощтэ зыри - унэ сурэт защIэщ.
Чертежхэм напэкIуэцIэр зэпагуэщ.
«Сэ си лIыр архитекторщ» - кьызэригъащIэщ
«Хозяйкэм», зыкьысхуищIу нэзэблэщ.

Унэм щIэз мэкъу макьамэм я нэ хь дахэр.
Хьэзырщ и Iэнэр -
Сыт зи санэхуафэр?
Зы хьуэхьу-хьуэхьунтIи
бжьэхэр хуэтIэтахэу:
«Иджы дыкьоофэр!» - ткIийкьэ и унафэр.
Гум льагъуэ хуиIэщ гум - ар, жаIэ, пэжу.
IэпкльпэпкъхэР-щэ?
Зэрощ Iэр нэхъ псынщIэжу!
Умыгъэунэхумэ, сыткIэ хьэкь пщыхьун?
Ар зыхьзощIэ диваным дыздыдисым,
УЗэщIишамэ мис а мальхъэдисым,
ЫфIэбгъэнэн уэ уи льэр бгъуэтыжьын!
СыщещIэм ещхьт хьыринэуэ щабащэм,
Хэт кьыфIэIуэху зэманыр зэрыжэщIыр!
И бжьэр кьеIэт аргуэру унэгуащэм:
«Дыдей нрехьу телъыджэуэ мы жэщIыр!»
Iэ хужь щабитIыр си пщэм кьылъоIэс.
Щыгъыну сщыгъыр сфIохьур сэ Iэслъэс...

Абы нэсауэ, сытыт сызезыхуэр:
«Уэ уи лIыр? Уи лIыр...
щхьэ щIэмысрэ унэм?»
Дыхьэшх гуфIэгъуэр
кьыщIоункIыфIэр и нэм.
Еуб щхьэгъусэр,
Ауан ещI, гум темыхуэу...
Къэсщ1ащ абдеж и «тхьдэр»
фIым хуэныкъуэм.

Унэ ныкъуэщIым лIыр кьеху эхри, и бгыр
Икьутэри, кьэнащ ар ныкъуэдыкъуэу...
Фыз щIалэм ар зэрихьэн имыдэу,
Льридзэжащ и анэм...
Иджы мы унэм щIэсщ а тIум хуэшхыдэу.
«Кьахуимыгъэгъуи лейуэ сэ кьызахыр!
Яшхащ лы цIыну си щIалэжьуэ сэ сфIэхейм.
Хьыринэ уэгум щещIэр кьызэпочыр.
Кьарури малъхъэдисым кьыIэпохуэ.
Хуэфащи хуэмыфащи сфIэкуэпэчым
Ты зотхъуэр, сыт, жиIэжькIэ си гум «уэху».

Ар сэри сощIэр: кIыфIщ хамэ унагъуэр.
ИтIани, дэнэ пхьын уи нэрылъагъур?
Гуэныхьхъэ мыр зи унэр,
Мохэр зи тхьилъхэр?
КьытеункlыфIамэ нобэ и гурылъхэр,
Хьэпупс ар пщIыныр - хьуну нэхь кьыхэпх?
ФызыфI зыритыр фадэм димыхьхъ.
Кьыздэжэхэм хуэмыхум и пэр епТмэ,
Кьыдегуэрн пэрытыр, и кIэр тож.
Щыгъэхилъхьам и гъащIэм и проектыр,
Е щритхъам насыпым и чертеж,
Щыуатэм а тхьэмыщкIэр, сщохьур жагъуэ.
Зэхэсхыр сыт - мыр и фыз ещанэщ.
И натIэм кьытехуами пхьэIэбжьанэр,
Аргуэру теувэжщ, кIуэри ардыдэм!
Атлантым хуэдэу, е кариатидэм[1]
Ильгъ хуэт и плIэм дэлъу мы унагъуэр.

Сэ сыт хэсщIыкIрэт-тIэ, архитектурэм:
«Мо унэр дахэщ», е «модрейр фейдейщ».
СищIати хьэщIэ нащхьуэуэ пэщIурэм,
Ар псальэтеш тхуэхьауэ аркъуедейт.
Кьежьар дахагъкIэ дахэу иухыжу
Арат щытамэ.
Сэлами си быслымым езмыхыжу,
Си пыIэр, сепIащIэкIыу, кьызощт зж.
Си наIуэт фызым и гум щызэпидзхэр.
Ауан сыкьыщIу псальэ кьыскIэльыдзхэр
Си ужьым иту си гуэргу сытохьэж.

СымыщIэр си щхьэм
сщIэжьыркъым тесльхьауэ,
Кьэхъункъым ар, сыфIадзэми мыжурэм.
Арами, а пщыхьэщхьэм кьэзублауэ,
Зыгуэр хэсщIыкI кьысфIощI архитектурэм.

1981-2007

[1] Атлант, кариатидэ - пасэрей архитектурэм екъэ-ла терминхэщ. Унэм декIуэкIыу хащIыхь бгыкъур плIэкIэ е щхьэкIэ щIаIыгъэ хуэдэу, блыным хагъэ-жьыхь цIыхуху, цIыхубз с урэтхэрщ.

Уэрэдыжь макъамэхэр

Стенькэ Разин *Б.А.*

I

Тетщ Индылым Стенькэ Разин
TIэкIу щIикIаръ, къэжанау.
ПхуикIуэтынкъым фэнкIэ ар зи,
Исщ и куэщIми къэжэр «наур».
И ныбжьэгъуэр атаманым
КьыхуэхьущIэу кьызэхех:
«Фызщ и Iуэхур, ар тэмэмым,
Тхьэр догъэпцIыр - напэтехщ».
Кьыщолъэтыр а лIы дакьэр,
«Наур» кхъуафэм трепхьуэт.
Къэжэрыпщым ипхьу дахэр
Кьамыл пхыру псым епхьуэт.
Уэ Индылу хыр зи льащIэ!
Пщащэ нэпсыр IэкIэ льэщI.
Лы губжьам уэ кьуит нысащIэр
Шэ лэгъунэми, Iэплlэ хуэщI!
Уэ Индылу псыжь емынэ,
Зи нэр щыпкIыуэр ежэх,
И кьэшэныр ерыпIынэм
Дауэ щохуу уэ бгъэбззхт?!
Сэри хуэдэр эдэнт кьызатым -
Уэ къ урмэну кьыпхуахьам.
И саугъэтыр Дон кьэзакьым
Уэ жьIэжьт зыздэпхьар.
Лым я пхъашэу Стенькэ Разин,
Гум и фадэр мис а зырщ -
Лъагъныгъэрщ! ДэнкIи гъази,
ФIыр хутыкъуэм, ер хьэзырщ.
ПщIэрэт ар хуэхьунум дамэ
Уэ у эрэду пхуаусам,
КьыIэщIихьу и Iэм кьамэр
Уэ ныбжьэгъуу кьопцIыжам?
Сигу хощтыкIыр сэри щыIэу -
Кьохьу апхуэдэуи зэман -
Кьыскхуэкlуэну пIэрэ - жысIэу
Уэ уи махуэр, ат аман!

II

Си ныбжьэгъуу фызкъэмышэ,
Зи щауэгъуэр зикI имыкI,
Шы жагъынным и кьамышу
Псалъэ хуэрыр ткIэрымыкI.
Кьыхтхуошхыдэр ди Iыхьлыхэр,
Хэти мабжэ, хэти магъ:
Хьуатэм зэ губзыгъэ мыхэр,
Ягъуэтатэм зэ пIэщхьагъ...
Ди ныбжьэгъуэхэми ардыдэр,
ПцIыр сыт щхьэпэ, жаIэрейщ,
Ауэ Разин и дыдыдыр
Дерс тхуэхъуами дэ ярейщ.
Дыдихьэхыурэ нэмыс щIыным,
Яужь псоми дыкьинащ,
«Фызщ и Iуэхур» - хьуэн тхуащIыным
ДыфIэлIыкIыу дунейр тхьащ.
Кьибжьыфыну ар зыгуэрым -
Дапщэ дыгъэу гъэ кIыхь кIуахэм
Кьыткуку экIыу кIуэдыжьа?
Кьэжэрыпщым и пхьу дахэу
ГъащIэ бзаджэм и псы уэрым
Дапщэ дэри хэздзэжа?
Зэман хьыкьэм зэпеч псори,
ЗэпытщIэжкэр зэпочыж.
Кьытхэкlакьым дэ Печорин -
Сыт ухуейми зыфIэщIыж.
Мис иджы дытесщи ныджэм
Сыт, ди Iэпэм додзэкъэж,
Псы толькъунхэр зэкIэльыджэу
Тенджызыщхьэм хопъэ дэж.
Псыхьэльахуэу епхьуэт блахым,
Ди цIэр теткъ - зы кьахэх,
Кьэжэрыпщым и пхьу дахэу
Ди щIалэгъуэр ирахьэх.



Жэщ усэхэр

Сефэнщ, сыт сщIэн, нитросорбид.
Гу узым Iэдэуэ сеубыд.
ЖесIащ дыгъуасэ си дохутырым:
- И блэгъум схуипльэт уи дэфтэрым,
Сыт нэхь фIэзахуэр медицинэм,
Нэсауэ пIэрэ Iуэхур и нэм?
Iэмал зимыIэр кьэблэгъа?
Е тIэкIу пIэжу хэпльэгъуа?
- Кьобэкl уэ хьуащ холестериныр,
Кьыпщхьэщыхьащ узыфэ иныр.
- Дохутыр, щIы хьэкь, сэ сымышынэ.
Алыхькъым, пэжкъэ, медицинэр?
Сыхуэзарэзыщ сэ кьэзгъэщIам.
Зыгуэрым и гур хэзгъэщIам,
Спшынынщ абыи и гуэныхьыр!
ХэмыкIыр пщIэрэ сэ си пщыхьым:
Сэ гуащIэр сщIами си хьэрэм,
Сошынэ хуахьмэ ар аркъэм -
Тхъэм и IэмыркIэ кьэхъуа Iуэжур
Зыгуэрым жиIэм, фIэмыIуэхуу:
«Ар зыхьа мыгъуэр ирифарт,
Пльаръунти хьумэ ар инфаркт,
Зыхуэсакьыжу тIэкIу щытам!»
Абыхэм си гур яхуэжам,
Си нэпсым нитIри сфIаубыд.
Сыт сщIэн, сефэнщ нитросорбид.

2003 гъэ



* * *

ЛIыфI дыдэр дунейм ехьжауэ,
А махуэм щыIэт жэназ.
Псэм кьешыIлами куэдкIэ гуауэр,
Сигу нэхь кьинакIэ сэ зы зыр:
Хьэдагъэ фызхэм зэрымыщIэ у,
Хьыджэбз цIыкIу закьуэ кьахэжащ,
Щыт псоми я гур игъэхыщIэу,
ЛIа дахым «Па-пэ»! - кIэльыджащ.
А макъым хэти кьигъэщтати,
И гуауэ мафIэм псори дист.
Уфуейм э, кхъаблэр кьэзыщIах эм
Кьагъэззэкьыным апхуэдизт.
Хьэдагъэ фызхэм кьоIур жаIэр:
«УимыIэм гугъ укъэ щыгъуэн бын...»
«Тхьэмыщкlэ цIыкIум и джэ макъыр
Зэхихьжьын мыгъуэ абы...»
... ПпэсщIын уэ щыIэ уафэ щIагъым,
Си хьыджэбз закьуэу си щыкIафIэ!
Мы дунеижьыр зи инагъым
Зы насып нуру сэ щызгъафIэ!
Нэщхьей зыгуэркI зыкъэхьуамэ,
Сэ жей сиIэжкъым, си псэ тIэкIу.
Уэ «папэ» - жьыпIэу зэкIэсхамэ,
Мо шэху уэздыгъэу си гур мэткIу.
ЦIыху цIыкIум и щхьэм псори хуехьыр -
ЩIэгуэвэнур, сыт, кьобэкIри.
Сэ сыкьэскIат а лIам ипхъу цIыкIур
Уэрауэ х уэдэ у си гум кьэкIри.
Апхуэдэу гьыуэ щIыр зэщыджэу,
Зэгуэрым сэри сыдахьнущ.
Уэ «ПIа-пэ!» - жьIи кьыскIэлъыджэ -
Iэмал имыIэу зэхэсхынущ.

1998 гъэ

* * *

Кьысхуигъэгъукъым сэ гъащIэм зы хьати.
СыреIулI «напэнщагъэм и пкъом».
Мис арГуэру, сыкIуауэ ахьрэ тым
Ситым хуэдэщ и пащхьэм Сэром.

Ситым хуэдэщ и пащхьэм Сэроми,
Кьызэоупщ, кьыстредзэр, удын:
- ЯлэжьыфIыр, тхьэмыщIэ, фIей псоми
Дауэ плъэкIрэт уэри блэжьынI?

- Кьыскхуэгъэгъукъым сэ гъащIэм зы хьати.
СыреIулI «напэнщагъэм и пкъом».
Мис арГуэру, сыкIуауэ ахьрэ тым
Ситым хуэдэщ и пащхьэм Сэром.

Ситым хуэдэщ и пащхьэм Сэроми,
Кьызэоупщ, кьыстредзэр, удын:
- ЯлэжьыфIыр, тхьэмыщIэ, фIей псоми
Дауэ плъэкIрэт уэри блэжьынI?

- Кьыскхуэгъэгъу, Сэро дыщэ, сыкъуаншэщ,
Кьыстекlуащ сымыщIэххэу шейтIан.
ГъащIэм куэдрэ пащхьэм и кьанхэщ.
Счынкъым пэнжку афIэкI зы льэдан.

- Хьэуэ, - жеIэр Сэром напщIэ фэу,
Хьэуэ, хъункъым у э зыри кьыпхуэгъу,
Уи кьуаншагъэр сфIэтопщ нэм щIэмыIуэу,
Шхийуэ щытми, си дежкIэ ар бжэгъущ.

- Хьэуэм, хьэуэ. СешалIэ щхьэпылъэм.
Тех, ажал, уи хьэдж эсэм дохьутейр!
Схуэбгъэгъун зы мэскъали сэ хьэлъэм,
Сэ фы куэдкIэ сщыгугъ хьунщ дунейр!

СикIуэтыжкъым зэгуэр сыкъуэншамэ,
Кьыслъагъэсыр сшэчын сыкхъэзырщ,-
Хьэрэмышнэу соджэгу, сыхэнамэ,
Стрырелъхьэ схуэфащэу тезыр!

Ауэ хэти кьыспихьэм фасикьыуэ,
Сэри си гум бажафэ тездэнщ.
УитI, хэнакъэ, - щыжиIэ дакьикъэм,
ЩIэхуа тузыр сэ Iэнэм тездэнщ.

1967 гъэ

СатыриплIхэр

ШЫ ЖЭР ТЕС УСАКIУЭМ ДЕЖ

Кьохьур, льэбакьуэр зымыкIунуми,
Шум гъуэгурыкIуэ щыздищI льэс.
Уанэгур сэ кьыслъымысынуми,
Уи шыкIэм, хьунум, сыгъэкIэс.

1960 гъэ

ЗЫГУЭРЫМ И «СОНЕТ IЭРАМЭМ» ТЕСТХАУЭ ЩЫТАЩ

Суровый Дант не презирал сонета.
Пушкин

И мыхьэмышхтэкъым сонетыр,
жаIэ, Данте.
Мыбы къеджамэ, ар ищIынт хьэрэм.
Кьыпщыдыхьэшхрэ укьигъанэм бдэнти -
Уэрэримыдзэу и «Жьыхьэнэмэм».

1992 гъэ

ГУШЫIЭ ДЫДЭУИ ЩЫТКЪЫМ

Мыр кьыстекIуэнущ музыкэмкIэ жери,
Щхьэ и ирихат, жи, Моцартым Сальери.
Ар пцIыи, пэжи, ар вагъуэижьм,
Зи, пеуэфынущ жэнкI фыгъуэижьр.

1995 гъэ

АДЫГЭБЗЭ

Хэту щытми, сибг къэшэсмэ,
ЗыдэкIуэнум нэзгъэсынщ.
Кьалэкlыхьым зэ дынэсмэ,
АдэкIэ зыгуэр хьунщ.

1996 гъэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

● Щапхъэ

Хьэщэ Руслан.

Сымаджэм и фІыщІэм къаруущІэ къыхелъхьэ

Хьэщэ Руслан ильэс 25-рэ хьауэ медицинэм и лэжьакІуэщ, мы зэманым Бахьсэн кьалэ сымаджэщым травматологиемкІэ и къудамэм и дохутырщ. Псэ хьэлэлкІэ зи ІэнатІэр езыхьэкІ Хьэщэм фІыщІэ кьыхуэзыщІэр машІэкъым, абы цыху куэдым гупсэхуэгуэ яритыжащ, гукъыдэжрэ дзрэжэгъуэрэ яІэу сыщІэнэм хигъэпхэжащ.

РУСЛАН Зеикъуэ дзэ курыт школ №3-р кьиуха нэужь, КъБКъУ-м и инженерно-техникэ къудамэм щІэтІысхьащ. Зы ильэскІэ абы щеджауэ, и псэр зыхуеІэ Іэщ Іагъэр кьызэримыгъуэтар кьыгурыІуэжри, 1980 гъэм университетым и медицинэ факультетым и тхылъхэр иритыжащ. Еджэным дихьэха щІалэм и дежкІэ а ильэсхэр псынщІэ дыдэу блэлъэтащ. Медицинэм и унэтІыныгъэхэм ящыщу ар дэзыхьэхар хирургиерати, абы и лъэныкьуэкІэ махуэ кьэс щІэ гуэр кьызэрищІэным хущІэкъур т. Щалэм пасэу кьыгурыІуат уи лэжьыгъэм екьулІэныгъэ ущиІэн папщІэ, куэдым зыщыбгъэгъуэзэн зэрыхуейр, ар медицинэм епхаэ, сытым дежи уи щІэныгъэм хэбгъэхьуэнри зэрыІэмалынщэр.

1986 гъэм КъБКъУ-р кьиухри, Хьэщэр Тырныауэ кьалэм щылэжьэну ягъэкІуащ. Арщхьэкіэ езыр зыщыщ районым и сымаджэщым травматологиемкІэ и кьудамэр Іэщ Іагъэлі хуэныкьуэу кьыщыщІэкьым, республикэм Ізышащ Іагъэ хьуэныжьІэ и министерствэм и унафэкІэ абы кьагъэкІуэжащ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Хьэщэм лэжьэн щІдзащ категорие нэхъыщхьэ зиІэ дохутыр щІэрыІуэ, травматологие кьудамэм и унафэщ АфІэунэ Мусэ и нэІэм щІэту. Ар и чэнджэщэгъуу, абы и гулыІэ щымыщІэу Руслан интернатурэри кьиухьащ.

- Кьыхэсха Іэщ Іагъэм и щэху куэдым сыщитъэгъэзащ сэ АфІэунэм, - жеІэ Руслан. - Лэжьыгъэм япэ лъэбакьуэхэр щыхэпчъ лъэхъэнэм апхуэдэ нэхъыкьыфІ уиІэныр уасэншэщ. Сыт и лъэныкьуэкІи сыкуэзарэзыщ си гъэсакІуэм, езыми абы и лэжьэкІами пщІэшхуэ яхузощ.

- Руслан, сыт хуэдэу зэтеухуа Бахьсэн кьалэ сымаджэщым и травматологие кьудамэм и лэжьыгъэр?

- Кьапщтэмэ, мы кьудамэм кьрашалІэ дзкъэнэ зы сымаджэмэ япэу зыхуэныкьуэ дэІэпыкьныгъэр нэсу щигъу этыкІынущ. Удын зытелъу сымаджэщым кьекІуалІэхэр я ныбжькІи ягъуэтэ фэбжькІи зэщхьэщэз. Дэ псоми дазэрыдэІэпыкьнымкІэ яужь дитщ. Кьыщыхьу щыІэщ ди дежкІэ кьрашэлІа сымаджэм и ныбжьыр ильэс 15-м нэмысамэ, республикэ сабий клиникэ сымаджэщым щедгъашэ. Щхьэм удынышхуэ игъуэтарэ, сымаджэр бгъэхьеи мыхьумэ, республикэ клиникэ сымаджэщым нейрохирург кьыдэш.

Иджыпсту нэхъыбэрэ зыкьытхуэзыгъаззэхэм ящыщщ хьэ хьэулейхэр зэдзэкъа сымаджэкэр. Абыхэмэ, зэрыхъуІэ, я уэзыр ящыдогъэпсынщІэ.

- Сымаджэ хьэлъэ кьызыхуаща дохутырым псом япэу ищІэн хуейр сыт?

- Зэман кІэщІым кьриубыдэу абы кьихутэн хуейщ сымаджэм игъуэта удыныр зыхуэдэр. Адэкіэ Іэмал псори кьыгъэсэбэнурэ, ар щытыкІэ хьэльэм кьызэрыришынымхущІэкъутхьэщ. Сымаджэм фІы и лъэныкьуэкІэ зыкьызэзригъаззэр ильэгъуэ нэужьщ дохутырым гупсэхуГуэ щигъуэтыр, зэІэзэм абы и фІэщ ищІын хуейщ зэрыхъужьынур. Дохутырми сымаджэмэ я дежкІэ абы мыхьэнэщхуэ иІэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ уэзІэзэм и гуГэр ГъащІэм хихьыжамэ, куэдкІэ нэхъ гугъу мэхъу уэзыр «хэбгъэщІэныр». Бгъэхьужа щІыхум гуфІэгъуэр и нэгум кьрихьыу фІыщІэ кьыщыпхуищІкІэ, уи Іэщ Іагъэм и мыхьэнэр зыхуэдэр кьыбгуроІуэжри, абы и лъэныкьуэкІэ уэзыхэта гугъуехьри уи псэм тельа гуэзвэгъуэри зэуэ пщогъупщэ ж. Апхуэдэ щІыхум «Тхьэр арэзы кьыпхухьу» псалъэхэр кьыщыжІэкІэ, мы дуней фІыгъу эр кьэ ззхьуІаУ ящІыкІэ, абы кьарущІэ кьыскъелхьэхкри, щІыхуэм адэкІи сазэрыдэІэпыкьнымк, сыкьєзэзыухьреихьэм фІыкІэ сазэрыхуэупсэным яужь ситщ.

- Руслан, дэтхэнэ щІыхури и лэжьыгъэм зэрехьуГэр куэдкІэ елытащ абы и щІыбагъ кьыдэт унагъу эм. Уи фІыр кьыбдагъэпэпІэу, уи гугъуехьыр кьыбдагъэпсынщІэу кьыпкьуэтхэм я гугъу кьыгтхуэпщІамэ, ди гуапэт.

- Ми я зекьыжьхэр уи жьэгу я дэсьыухкІэ гъащІэр кьыптпехьэлъэркьым. Абыкіэ сэ си насыпщ. Си адэ-анэм я жьауэ дьщІэту, зы унагъуэ у дызэдопсэу. Си адэ Астьэнбий «Эльбрусский» совхозым экономист нэхъыщхьэу ильэс куэдкІэ щылэжьащ, си анэ Зухра Зеикьуэ дзт тхьу-кхъ уей заводым бухгалтер щыІащ. Иджыпсту, тІури пенсионерщ, я кьуэрыльхуэм хабзэ, нэмыс яхэльу кьэгъэтэрэжьынымэ я зэман псори трагъэкІуадэу жыпІэ хьунущ. Си щхьэгъусэ Тамарэ акушер-гинекологщ, ари Бахьсэн кьалэ сымаджэщым щолажьэ. Хьыджэбзищ диІэщ: Каринэ КъБКъМА-м и студентщ, Залинэ 9-нэ классыр кьиухащ, Элинэ мы гъэм япэу школым кІэуэнущ.

Епсэльар **ДОЛ Іэминэщ.**

Мыхьэнэшхуэ зиІа альпиниадэ

● ГукъэкІыжхэр

Мы мазэм ильэс 50 ирокъу Европэм и Іуащхьэ нэхъ лъагэ дыдэтІым, метр 5642-рэ метр 5621-рэ хьуХэм, зы маХуэм кьриубыдэу щыху 1395-рэ дзкІаУэ зэрэщытар. Ар траухуат ди щІынальэм Совет властыр зэрэщагъэувРэ ильэс 40, Ленин Владимир кьызэралъхьэрэ ильэс 90 зэрырикъум.

ДУНЕЙ псом япэу кьыщыхьуаУэ арат апхуэдэ гупышхуэ Іуащхьэ нэхъ лъагэ дыдэхэм дзкІынщ. Ди республикэм и щІыхуэм яГъэвауэ щІта а дунейпсо рекордыр иджыри кьызэдэсым зыми икьутэжакьым.

Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм гупышхуэу удэкІынынр лэжьыгъэ тынштэкъым.

Спорт махуэшхуэр екІуу гъэхьэзырыным ехьэлІа унафэ 1960 гъэм ГъатхэпІэм кьащІтауэ щытащ КПСС-м и обкомым, Министрхэм я Советым, ВЛКСМ-м и обкомым, облсовпрофым и президиумым.

ЦІыху цІэрыІуэхэр зыхьат кьызэгъэпэщащІыуэ комитетым и Іэтащхьэт Министрхэм я Советым и Унафэщ Ахьуэхъу Аслъэнбий. Апхуэдэу комитетым хагъэхьауэ щытащ Совнархозым, облсовпрофым я унафэщІэхэр, КПСС-м и обкомым и секретарэмрэ кьудамэхэм я унафэщІхэмрэ, КБКъУ-м и ректорыр, КъБАССР-м и Суд Нэхъыщхьэм и лІыкІуэхэр, газетхэм, радиохэм я редакторхэр, журналистхэр, альпинист цІэрыІуэхэр, лэжьакІуэ, еджакІуэ пІэщхьэхэр.

Іуащхьэмахуэ дзкІыну зи мурадхэм жьыдэжру загъэхьэзыру щІадзащ: бгыхэм дзкІырт, кьызэдзэжрт, зыплъыхьакІуэ кІуэрт. ЦІыкІуи инри плъапІэу яІэр альпиниадэрт.

Мардэжкъ ягъэззащІа нэужь, Іуащхьэмахуэ дзкІыну зи мурадхэм «СССР-ми альпинист» бгъэхэІуэжр кьратащ.

Аюр жащІыкъм екьащ. ЦІыху 1500-м цІыкІубз 368-рэ яхэтт. Гупышхуэм щыщу цІыкІуи 105-рэщ зи кьарур зыхуримыкьуар. Адрейхэр Іуащхьэмахуэ и щыгум нэсащ! Уафэм хьэрэкІыгІэ щхъуэкІэлъыкІэхэр дэлъэтэйрт. СССР-м, РСФСР-м, КъБАССР-м я ныпхэр щыгум трагъэзват. Спорт махуэшхуэм и лІыхъужьхэм я цІэхэр зытет жетонхэр гильзэшхуэм ирадзэри, «КъущІзэІуфэкьнр ильэс 50 дзкІмэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и юбилейм ирихьэлІуэ» жиІэу тратхэжат.

КПСС-м и обкомым и секретарь Хутуев Зыхьэсий Европэм и Іуащхьэ нэхъ лъагэ дыдэм тету псалъэ гуапэхэмкІэ захуигъэзащ КПСС-м и Комитет Нэхъыщхьэм, СССР-м, РСФСР-м я Министрхэм я Советым.

ВЛКСМ-м и обкомым и секретарь Дыду Владимир альпиниадэм хэтхэм республикэм и щІалэгъуалэм зэрызыхуагъаззэм кьерджащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьэралі альпинизмэмрэ туризмэмрэ я льапсащ. Иджыпей альпиниадэм кьигъэльэгъуащ дэ лъэрызехьэ, бэшэч, лІыхъужьныгъэ зыхэпІэ цІыху кІэд дызэриІэр. Дэ фыкьыхуддоджэ дэтхэнэ Іэхуущ Іапі эми еджапІэ-ми турист, альпинист секцэхэр кьыщІызэрегъэпэщыну. Іуащхьэмахуэ гупышхуэу дызэрызэкІар адрейхэм щапхьэу яхуэзэгъэльэгъуэну, мы спорт пІэужькІыгъуэм зэрыкъуекІэ цІыху нэхъыбэ девгъэхьэхыну».

Іуащхьэмахуэ кьехьыжаэм япэу екъуэхьуащ абыхэм яхэта КПСС-м и обкомым и япэ секретарь Мэлбахэу Тимбор: «Республикэм и цІыхухэм я дежкІэ альпиниадэр спорт махуэшхуэ хъуащ. Фэ лІыхъужьыгъэ зефхьащ. Іуащхьэмахуэ кьилъэгъуащ дэ дызэрыльэщыр, дызэрызэкъуэтыр. Си фІэщ мэхъу альпинизмэмрэ туризмэмрэ республикэм нэхъри зэрызыщакъужьынур».

Альпиниадэм хэта псоми кьыхуагъэфэщащ «Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІам щхьэкІэ» фэзелІъ бгъэхэІуэр.

Альпиниадэр кьызэрызэрагъэпэщамрэ зэрырагъэкІуэкІамрэ щхьэкІэ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэкіэ щІыхь тхьилъхэр ираташ цІыху 71-м.

Мы Іуэхум и фІыщІэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ильэс 25-кІэ купщІафІэу щылэжьащ бгым дэкІыным щыхуагъасэ секци 156-рэ кьалэхэм кьыщызэрагъэпэща туристалЬпинист клубу 7-рэ. ЦІыхуэр ягъэхьэзырырт альпиниадэм хуэІэижь инструктор 750-м щигъуэм.

Республикэм и альпинист гуп кьыхэхар СССР-м и чемпионатхэм хэту зыбжанэрэ дзкІащ Памир, Тянь-Шань къуршэхэм.

Къэралым и чемпион 18-м, дыжьын, жэз медалхэр къэзыхьа пщІы бжыгъэхэм ягъэсащ спортсмен щІалэщІэхэр. Абыхэм ягъэхьэзыращ СССР-м и спорым и мастеру 34-рэ дунейпсо классымкІэ спортым и мастеру 2-рэ.

Республикэ альпинизмэм и гъэсэнщ СССР-м щІыхь зиІэ и тренеру 5-рэ РСФСР-м щІыхь зиІэ и тренеру 3-рэ.

Спорт кьУлыкъущІэхэм гушхуэу зэІущІэхэм щыжаІэу щытащ альпинизмэмрэ туризмэмрэ республикэм и Іпэнкъ спорт Іэужьыгъуэ хьуауэ.

Апхуэдэ Іуэху иджыри едгъэкІуэкІыным щІалэгъуалэм и дежкІэ мыхьэнэщхуэ иІащ.

МАМЫЩ Кашиф,
КъБР-м альпинизмэмрэ туризмэмкІэ и федерацэм и унафэщІым и къуэдзэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, СССР-м спортымкІэ и мастер.

● Хъуэхъу

Мамий Руслан и дуней телъыджэр

И ныбжьыр ильэс 65-рэ щрикъу махуэм дохьуэхьу ди редакцэм и штатым хэмытыжми, зи Іэдакъэщ Іэкіэр «Адыгэ псалъэ» газетым и пэнжІуэ Іхэм имыкІ, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуищ Іапі эм и сурэттхэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист Мамий Руслан Хьэрэдыс и къуэм.

СУРЭТТЕХ цІэрыІуэр кьыкІуа гъащІэ гъэгум, зэфІиха дэжьыгъэм теуКІытыхьырк ым. Абы иІэщ зэрыгушхэм. Мыхьэнэ зиІэ, республикэм ехьэлІа махуэшхуэхэм я тетууха тхьылъэр абы и Іэдакъэщ Іэкіэмкіэ гъэщІэрэщІауэ кьыдэкІащ, езым триха сурэтхэм фІэкІа имыту дунейм кьытехьащ «Хэку», «Этнофера», «Гъуэгухэр», «Кавказ», «Щэрджэс дуней» тхьылъхэр, нэгъуэщІ журнал, альбом гъэщІэгъуэнхэр. Мамийм и сурэтхэр игущ иІджьлызыбзэкІэ, тыркубзэкІэ, хьэрпыбзэкІэ кьаІэкІа журналхэмк. Ди фІэщ мэхъу Руслан и гуащІэрэ и зэфІэкІрэ дяпэкІи зэремыблэжьынур. Триха сурэтхэм яГъэбжьыфІэ ди республикэм кьыщыдэкІ газетхэмрэ журналхэмрэ я напэкІуэцІхэри, дяпэкІи и Іэщ Іагъэм гукъыдэж кьриту, цІыхухэр игъэгуфІэу лэжьэну ди гуапэщ.

УзыншІэу, нобэ хуэдэу уи унагъуэкІи узэпэщу, уи щІэблэм я насыпым уригушхуэу, уи пщІэр лъагэу гъащІэм и Іофым, фІыгъуэ псори зыхэпщІэну, ильэсищ жьыщхъэ махуэм унэсыну дынохъуэкІу.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр.

Медалиплі зыІэрагъэхьэ

Тэтэрстан Республикэм и Елабугэ къалэм щекІуэкІащ VIII урысейпсо гъэмахуэ къуажэ спорт зэхъэзэхуэхэр.

АР къызэрагъэпэщащ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ, Спортымкіэ, туризмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэхэм. Зэпеуэм хэтащ къэралым и щІыналъэ 39-м я лІыкІуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыху 30 хуэ и гупыр спорт зэпеуэу 7-м хэтауэ, медали 4 зыІэрагъэхьауэ къагъэзэжащ.

ЦІхьэзакъуэ зэхъэзэхуэм япэ ущиІэр Іэщ ищІыдащ Бэгъуэт Ахьмэд, бгыфытх бэнэкІэмкІэ ещанэ ГъвыпІэр КІуантІэ Роксанэ кьихьащ. ТІури Тэрч куейм щыщщ. А спорт лІэужьыгъуэмкІэ гупым жэз медалыр кьыдэлъащ. Мэкъуауэхэм я зэпеуэм, команд 36-рэ зыхэтам, цІыхухъухэм, цІыхухбзэми щефІэкІащ Адыжьым медаль кьэзыхьа ШэрэдЖ куейм щыщ Занибековэ Мадинэ.

Республикэм и гупыр зэхьэзэхуэм кІуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министр Ерчэн Тембулэт и мылькуКІэ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

УРЫСБАМБЭТ Аслъэн Хъусен и къуэр

ЗыІэрагъэхьэ

КъБР-м и дохутыр жылагъуэм хэщІыныгъэ хьэлъэ игъуэтащ - и ныбжьыр ильэс 73-м ирагъэгъуэм и 18-м зэуэзэпсэу ЛІащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, Урысбамбэт Аслъэн Хъусен и къуэр. Дуней ехьажащ медицинэм псэ хьэлэлкІэ хуэлэжьа цІыху гъуэзэджэ.

Урысбамбэт Аслъэн Хъусен и къуэр 1937 гъэм дзгъэгъаэзм и 26-м КъБР-м и Лэскэн куейм щыІэ Урыху кьуажэм кьыщалъхуащ.

Къуажэ щколым и классибІымрэ Налшык кьалэм и фельдшер-акушер щколымрэ кьиуха нужь, Совет куейм щыІэ Жэмтхьэлэ кьуажэм щылэжьащ, а жьлэм щыпсэуэхэмрэ мэз лэжьакІуэхэмрэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ яхуищІэу.

1957 гъэм и мазаем Урысбамбэт Аслъэн яхэтащ КъБР-м и медицинэ институтым и щІыхьэ ІэнатІэм. ИужькІэ «Кабардинка» ансамблым хэту щІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я ехаиэ Дунейпсо фестивалым щыІащ.

1957 гъэм и щыщхьІум къыщыщІэдзауэ 1958 гъэм и щыщхьІум нэсыху Налшык кьалэм и «ДэІэпыкьуэгъу псынщІэм» щылэжьащ.

Зи гугъу тщІы �ІэнатІэхэм псори зэхэту ильэсищкІэ пэрыта иужь, Урысбамбэтыр Дагъыстэн къэрал медицинэ институту МэхъэнэщІ щылэм щІэтІысхьащ. Абы кьыдэкІуэу профессор Курдюмов Н. А. анатомиемкІэ и кафедрэм и препаратору, лаборанту лэжьащ.

ЩыщІалэм хуаб жьу гъуэзджэм дихьэхыри, ар «Дагъыстэн» ансамблым хэту куэдрэ ящІащ.

1964 гъэм Урысбамбэтым щалъхуа республикэм и медицинэ институтым ректорым иригъэблагъэри, Урысбамбэтым а дежкІэм игъэзэжащ профессор Курдюмовым и кафедрэм и ассистенту. Мыбы фІы дыдэу щыпхиГъэкІащ и кандидат диссертацэр.

Дагъыстэнми и къэрал медицинэ институтымрэ КъБКъУ-мрэ щыпригъэджа зэманым Урысбамбэт Аслъэн щІэныгъэ лэжьыгъэу 200-м нэблагъэ, монографиеу 2, зэрыгъэдащэ методикэ тхылъхэу Урысейм и медицинэ еджапІэхэм кьышащатІэсэфІхэр игъэхьэзыращ. Ар хахащ анатомэм, гистологэм, эмбриологэм я медицинэ зэгъэзэныгъэм и унафэщІхэм я советым, СНГ-м и морфологэм я дунейпсо зэгуэхэныгъэм и зэщІэзыгъэУуэ советым. Апхуэдэу анатомэм, гистологэм, эмбриологэм я урысейпсо, дунейпсо зэІуэІэхэм щылІащ. И лэжьыгъэ купщІафІэхэм ЩІыхь тхылъхэр куэдрэ кьыхуагъэфэщащ.

Ди къэралым и морфологием зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІам кьыхэкІыу, Урысбамбэт Аслъэн анатом щІэрыІуэ, профессор Привес Михаил кьызэралъхуэр ильэси 100 зэрырикъум и щІыхькІэ кьыдагъэкІа юбилей медалыр, Кавказым и «Дыщэ Пегас» жылагъуэ дамыгъэр кьыхуагъэфэщащ.

Щыхь зиІэ донор Урысбамбэт Аслъэн кьилытэрт щІыхур кьегъэльныр езым и кьІэлІыкІу ин зэпымыуэ Іныр итырт. КъБКъУ-м и медицинэ факультетымрэ Сеченовым и цІэр зезыхьэ Япэ Москва медицинэ академиемрэ анатомиемкІэ я кафедрэхэр и щІэгъэкъуэну абы 1999 гъэм и гъатхэпэм доктор диссертацэр пхигъэкІащ.

Урысбамбэтыр КъБР-м анатомиемкІэ медицинэ щІэныгъэхэм я япэ доктор, Кавказ Ищхьэрэм ещанэ щыхьащ.

Абы и щхьэгъусэ Майе Налшык и кьалэ клиникэ сымаджэщым категорие нэхъыщхьэ щызиІэ и дохутыр-невропатологщ. ИпхУу Аминэ акушер-гинекологщ, и хуэ Даниял КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и 4-нэ курсымрэ экономикэ факультетым и 2-нэ курсымрэ кьиухащ. Адэр сыт щыгъуи иригушхэрт и пхъымрэ и къуэмрэ я екьулІэныгъэхэм.

Урысбамбэт Аслъэн Хъусен и къуэр сыт щыгъуи ягу ильыныуІ ар зыщыхуУщыта икІи абы дзлэжьа псоми.

Ныбжьэгъу гуп.

● Гу зылъытапхъэ

Лъакъуэдыгъухэ я лъэпкъым я къуажэгъухэмрэ я ныбжьэгъухэмрэ ирагъэблагъэ

Лэскэн районым щыщ Хьэтуей кьуажэм бадзэуэгъуэм и 30-м щагъэлъэпІэнэщ 2010 гъэм бодибилдингымкІэ дунейпсо чемпион хьуа, спортымкІэ дунейпсо класс зиІэ мастер **Лъакъуэдыгъу Рамзес Арсен и къуэр**.

Щызэхьыхьэнур сыхьэт 12-рщ. Мы Іуэхум теухуауэ Лъакъуэдыгъу Станислав феупщІ хьунущ **89280780654** телефонымкІэ.

Новый Афон къалэм (Аб хьаз Республикэ) пщІэхэр щхьэпытащ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Теплъэгъуэхэр

Цыхубэ артисткэм едыгъуар къалъыхъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ ІэнатІэхэм къалъыхъуэ Урысейм и цІыхуб артисткэ Гъэсашэ Наталье теуэу зыубзэржьар.

МэкЪУАУЭГЪУЭМ и 21-м сыхьэт 12-м Гъэсашэм и бжэм теуІуащ Налшык электросетым и лэжьакІуэу жызыІар. Ар фэтэрым щыхьэри, Наталье и ахьшэмрэ и дышэхэкІхэмрэ щихьумэр кьыжриІэху, иубзэржащ. ЩІэпхъаджащІэм зыхуейр кьыгъэрыІэрыхьэу зигъэщІкІужащ, ауэ милицэм зэхигъэкІащ ар хэрыт.

Республикэм щыІэ МВД-м и базэм щызэхуэхъса сурэтхэм артисткэм кьахицІыхукІащ Аруан куейм щыщ, ильэс 25-рэ зи ныбжь дыгъуакІуэр.

Электросетым и лэжьакІуэу жаІэурэ бзаджащІэхэр налшыкдэсхэм я фэтэрхэм щыщІыхьа нэхъапэмэ кьхъуащи, фысакъ. Ди гущІэгъуэ ин ящІ, ар ІуащІэмкІэ, ІуащІэмкІэ, ІуащІэмкІэ,